



Lekòl Piblik Boston

Divès Renouvèlman pou Lekòl Inovasyon yo

Drew Echelson

Ki sa ki yon lekòl inovasyon ?

Divès Lekòl Inovasyon

- Divès plan inovasyon devlope pou kreye divès kondisyon ideyal pou sèvi elèv yo
- Plan yo itilize diferan otonomi ki sot nan divès regleman standa
- Divès ekip pati enterese nan lekòl yo devlope divès plan orijinèl
- Pwofesè yo te vote pou apwouve plan yo
- Chak lekòl te gen yon reprezantan komite skolè a nan komite plan orijinèl la, epi komite skolè a te apwouve chak plan

Divès Renouvèlman Lekòl yo

Divès Renouvèlman Inovasyon

- Nan fen chak peryòd plan apwouve (dabitid, senk an), komite skolè a dwe vote pou renouvle plan an
- Renouvèlman kenbe plan an ak kondisyon aktyèl yo an plas, e li enkli kèk ti mizajou minè, pa okenn nouvo modifikasyon nan kondisyon travay yo

Pwosesis Renouvèlman an

1. Reyini Pati Enterese yo
2. Divès Revizyon Plan Inovasyon an
3. Vòt Pwofesè yo (si apwopriye)
4. Apwobasyon Komite Skolè a

Divès Renouvèlman Inovasyon an 2022

Renouvèlman Obligatwa

- Lekòl Burke
- Lekòl Eliot
- Lekòl Holmes
- Lekòl Muñiz
- Lekòl Winthrop

Lekòl Burke High School

Direktè Lekòl : Amilcar Silva

Divès pati kle pwopozisyon renouvèlman an

- Nou ta renmen renouvle otonomi nou genyen parapò a Pwogram Etid, Ansèyman, ak Evalyasyon, pou n founi yon edikasyon ekitab e siyifikatif bay tout elèv, e soutni itilizasyon yon pwogram etid ki relatif, ki plase an kontèks, selon divès nòm chak nivo klas, ki kapab pèmèt elèv yo gen plizyè opòtinite pou yo montre konpetans yo.
- Renouvèlman Orè ak Kalandriye Etidyan nou an va kontinye pèmèt nou fè kèk ajisteman, tankou devlopman divès peryòd ansèyman ki pi long, ki bay ase tan pou travay an gwoup ak pratik nesèsè kapab fèt, dekwa pou elèv yo kapab devlope konpetans nan kominikasyon ak rezònman kritik. Epitou, nou kapab deziyen mwens seksyon ansèyman bay pwofesè yo, pou yo kapab travay avèk mwens elèv, ki va pèmèt yo kapab fè ansèyman ki pi pèsonalize. Nou kapab itilize otonomi sa a pou n pwolonje jounen skolè elèv klas 7yèm ak 8yèm ane ki fenk ajoute yo.
- Otonomi parapò a manm pèsònèl yo pèmèt nou rekrute e anboche kandida sila yo ki pi solid, nan fason nou afiche pòs yo ouvètman e endike divès kalite presi nou dezire ki ale odela sètifikasyon egzije yo. Travay avèk Biwo Kapital Imen an (OHC) pou fòmile divès deskripsyon divès pòs ki aliye a misyon ak vizyon nou, e ki kore popilasyon etidyan sila nou yo ki defavorize.

- Divès otonomi Devlopman Pwofesyonèl rann nou kapab founi plis fòmasyon ki konsantre sou divès bezwen tout aspè lavi timoun yo, e rann nou kapab konprann ke yo n an kapab atann sikses nan afè lekòl yo si bezwen

Lekòl Burke High School

Direktè Lekòl : Amilcar Silva

Ki chanjman majè ki fè pati nouvo pwopozisyon sa a, si toutfwa gen chanjman ?

- Pa gen chanjman pou otonomi orijinèl yo. Pandanke n ap ajoute klas 7yèm ak 8yèm ane nan konfigerasyon (aranjman) nivo klas nou yo, n ap pral kontinye itilize divès fleksibilite ki akòde anba estati inovasyon nou an pou n founi elèv nou yo avèk yon edikasyon ki pi meyè e pi ekitab.

Ki angajman Lidè Lekòl la (Direktè a) te travèse pou l te kapab pran desizyon sa yo ?

- Li te reyini avèk ekip lidèchip la ak divès pati enterese kle, ki te enkli : paran, elèv, ak divès patnè kominotè.
- Angaje avèk manm pèsònèl nou yo ak manm sendika nou yo pou n konprann paramèt otonomi n ap chèche yo.

Lekòl Eliot K-8 Innovation Schools

Direktris Lekòl : Traci Walker Griffith

Divès pati kle pwopozisyon renouvèlman an

- Fleksibilite nan orè ak strikti ansèyman pwofesè yo pèmèt yo kapab fè divès aprantisaj patikilye nan yon apwòch diferansye e ki gen yon objektif pou chak elèv.
- Yon orè lekòl ki kreye pou enkli anrichisman ak ansèyman chak jou.
- Modèl anbochaj manm pèsònèl la asire ke tout pwofesyonèl yo gen meyè preparasyon nan matyè ak/oswa domèn sila yo ki sou nivo klas yo.
- Otonomi parapò a manm pèsònèl yo pou kreye divès nouvo wòl ak deskripsyon travay, ansanm ak divès pòs ouvè.
- Ajisteman nan orè a arive pèmèt pwofesè yo gen tan pou planifikasyon chak jou nan orè yo ke yo itilize pou travay nan divès ekip nivo klas pou analize done elèv yo, evalye ansèyman yo, e planifye divès fiti leson. Pwofesè yo travay avèk administratè yo ak kamarad anseyan yo pandan reyinyon yo pou ankouraje meyè pratik, ak devlopman pwofesyonèl.

Lekòl Eliot K-8 Innovation Schools

Direktris Lekòl : Traci Walker Griffith

Ki chanjman majè ki fè pati nouvo pwopozisyon sa a, si toutfwa gen chanjman ?

- **Konsantrasyon trè presi sou aprantisaj pi apwofondi, ki teni kont istwa ak kilti elèv yo**
- **Patenarya avèk « Kaleidoscope Collective for Learning » (Kolektiv Kaleidoscope pou Aprantisaj) atravè Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a**

Ki angajman Lidè Lekòl la (Direktè a) te travèse pou l te kapab pran desizyon sa yo ?

- **Konsèy Administrasyon nou an jwe yon wòl esansyèl nan desizyon lidèchip ak desizyon ki fèt sou nivo pi piti yo andedan kominote lekòl Eliot la.**
- **Reyinyon Konsèy Administrasyon yo fèt chak mwa e yo esansyèl pou soutni ekip administrativ la.**

Lekòl Holmes Elementary School

Direktè Lekòl : Edverette Brewster

Divès pati kle pwopozisyon renouvèlman an

- Aprantisaj ki Baze sou Pwojè
- Orè Devlopman Pwofesyonèl Pwolonje
- Enklizyon Okonplè
- Ekspansyon klas yo jiska klas 6yèm ane
- Divès otonomi :
 - Pwogram etid yo : Divès opòtinite pou sipleman yo e ajoute ladan yo
 - Bidjè a : Opòtinite pou pa patisipe nan sèten sèvis e peye vrè salè
 - Orè lekòl la : Yon orè abreje lè jedi pou devlopman pwofesyonèl (PD) kapab fèt

Lekòl Holmes Elementary School

Direktè Lekòl : Edverette Brewster

Ki chanjman majè ki fè pati nouvo pwopozisyon sa a, si toutfwa gen chanjman ?

- Pa gen okenn chanjman nouvo- Mentni divès strikti an plas pou tire pwofi nan kwasans ak pwogrè nou arive fè


Ki angajman Lidè Lekòl la (Direktè a) te travèse pou l te kapab pran desizyon sa yo ?

- Angajman avèk Konsèy Administrasyon Lekòl la ki reprezante : divès Fanmi, Manm Pèsonèl, ak Manm Kominotè
- Konvèsasyon avèk divès reprezantan Sendika Pwofesè Boston an (BTU)

Lekòl Margarita Muñiz Academy

Direktris Lekòl : Doktè Dania Vázquez

Imaj Yon Savan Lekòl Muniz



1. Reyimajine Aprantisaj Atravè yon Vil kòm yon Modèl Lokal Lekòl, ki entegre nan jounen skolè kotidyen an aprantisaj ki baze sou lokal kominotè yo.
2. Aprantisaj se yon bagay ki fèt tout kote, tout tan - ni anndan ni deyò lekòl.
3. Elèv yo devlope divès konpetans e eksplòre pasyon pèsonèl yo nan aprantisaj mond reyèl la.
4. Elèv yo asime responsabiltè pou aprantisaj yo e pran posèsyon Boston. A lenvès, Boston va wè elèv nou yo kòm yon resous

Divès Pilòt ak Patenarya
Reòganize Pakou nou yo
Lekòl Hale Education

Pwogram Antreprenè « The Possible Zone »
Inivèsite Bonè ak Doub Enskripsyon

Lekòl Margarita Muñiz Academy

Direktris Lekòl : Direktris Dania Vázquez

Ki chanjman majè ki fè pati nouvo pwopozisyon sa a, si toutfw gen chanjman ?

- Enplemantasyon « Imaj Muñis yon Savan Lekòl Muñiz »
- Enplemantasyon modèl « Vil la kòm yon Lokal Aprantisaj »
 - ❖ Asire ke lekòl Muniz Academy gen divès kondisyon kle ki rann vizyon nou posib avèk otonomi nou yo.
 - ❖ Asire ke lekòl Muniz Academy kontinye ap inovè e pataje travay la.
 - ❖ Asire ke lekòl Muniz Academy kontinye klase an premye ran nan domèn edikasyon doub lang nan nivo lekòl segondè a.

Ki angajman Lidè Lekòl la (Direktè a) te travèse pou l te kapab pran desizyon sa yo ?

- Plan lekòl Muñiz Academy te devlope kòm pati Imaj Fondasyon Barr Foundation nan pou Inisyativ Diplome yo (Barr Foundation Portrait of the Graduate Initiative).
- Pandan 2 an ki sot pase yo, divès manm pèsònèl, elèv, patnè, manm konsèy ak manm kominotè te arive patisipe nan devlopman plan nou an.

Lekòl John Winthrop Elementary School

Direktris Lekòl : Leah McKetty

Divès pati kle pwopozisyon renouvèlman an-

- Otonomi kontinye pou apiye Plan Inovasyon an.
 - Pwogram etid, Ansèyman, ak Evalyasyon- Entegrasyon divès nòm STEM yo (syans, teknoloji, enjenyeri, ak matematik) nan ELA (gramè/literati angle) ak Matematik
 - Pwogramasyon Orè
 - Devlopman Pwofesyonèl (andeyò lekòl la/andedan lekòl la)
 - Rekritman/Anbochaj manm pèsonèl yo
- Divès Objektif Anyèl Mezirab
 - Suivi kontinye sou Objektif Anyèl Mezirab yo avèk divès adaptasyon ki montre kwasan elèv yo. Pa egzanp, nou te itilize divès done evalyasyon Pwogrè Akademik Mezirab (MAP) la pou n te gen yon imaj pi apwofondi pase done egzamen MCAS yo pou n te dokimante kwasans elèv yo.

Lekòl John Winthrop Elementary School

Direktris Lekòl : Leah McKetty

Ki chanjman majè ki fè pati nouvo pwopozisyon sa a, si toutfw gen chanjman ?

- Nan otonomi pou Pwogram Etid yo, Ansèyman yo, ak Evalyasyon yo, delè pou entegrasyon divès nòm Syans, Teknoloji, ak Enjenyeri nan Matematik ak ELA (gramè/literati angle) te ajiste e mizajou.
- Lekòl Winthrop la ap ajoute yon nouvo klas sizyèm ane, ane pwochèn. Klas sizyèm ane a te enkli nan plan an pou adapte pwogram etid la pou l kapab apiye vizyon lekòl Winthrop la.
- Objektif Anyèl Mezirab yo te mizajou pou reflete done aktyèl yo.

Ki angajman Lidè Lekòl la (Direktè a) te travèse pou l te kapab pran desizyon sa yo ?

- Li te fè yon reyinyon avèk pati enterese yo - 4 me, 2022
- Li te revize divès done sou akonplisman elèv yo - 4 me, 2022
- Li te revize e analize divès Objektif Anyèl Mezirab 6 avril, 2022 jiska 4 me, 2022
- Li te revize kòmantè pati enterese yo e li te enkòpore kòmantè yo nan plan an- 4 me, 2022 jiska 27 me, 2022

Aksyon Solisite

Nou mande pou komite skolè a vote pou apwouve renouvèlman toule senk plan inovasyon yo pou yon peryòd senk ane skolè.